

COMMONWEALTH NAN MASSACHUSETTS
BIWO EGZEKITIF ENÈJI AK ZAFÈ ANVIWÒNMANTAL AVI ODYANS PIBLIK AK
PWOLONGASYON PERYÒD POU KOMANTÈ PIBLIK

Nou ap fè konnen pa prezan ke Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal Massachusetts, selon otorite li dapre M.G.L. Chapit 21I, Seksyon 4 ak 9, ann akò ak M.G.L. 30A, ap òganize yon odyans piblik sou amannman yo pwopoze nan 301 CMR 41.00 – Lis Sibstans Toksik oswa Danjere. Règleman sa yo mete an aplikasyon chanjman Konsèy Administratif sou Itilizasyon Toksik te fè nan lis pwodwi chimik yo, dapre amannman ki te fèt an 2006 nan Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Toksik (TURA, Chapit 21I). **Tanpri note ke reyinyon sa a ap fèt a distans.**

Le 10 out 2023, dapre M.G.L. chapit 21I, Konsèy Administratif TURA te vote pou ajoute yon kategori sibstans ki gen ladan Klori Didesil Dimetil Amonyòm (DDAC) ak Klori Alkil Dimetil Benzil Amonyòm (ADBAC), ki se sougwoup Konpoze Amonyòm Katènè, jan yo idantifye yo kòm pwodwi ki anrejistre pa EPA nan Revizyon Plan Travay Final EPA a sou Enskripsyon, ki nan Dosye Nimewo EPA-HQ-OPP-2015-0740 (dokiman ID EPA-HQ-OPP-2015-0740-0004, Mas 2017) ak Dosye Nimewo EPA-HQ-OPP-2015-0737 (dokiman ID EPA-HQ-OPP-2015-0737-0004, Mas 2017).

Amanman yo pwopoze a ta mete desizyon Konsèy la an aplikasyon lè yo modifiye règleman sou Lis Sibstans Toksik oswa Danjere yo, 301 CMR 41.00; espesyalman pou ajoute seksyon 301 CMR 41.03(18) ki enkli kategori sa a.

Y ap fè yon odyans piblik atravè reyinyon Zoom a lè nan apremidi, 25 jiyè 2025, pou resevwa kòmantè sou amannman yo pwopoze a. Temwayaj ka fèt oralman oswa alekri pandan odyans lan. Enfòmasyon pou konekte ak reyinyon an bay anba a:

Odyans Piblik sou Revizyon Lis Sibstans Toksik oswa Danjere TURA a

Lè: [1pm - 3pm] Lè Lès (US ak Canada) 25 Jiyè 2025

Antre nan Seminè Zoom la: <https://zoom.us/j/97159489949>

ID Seminè: 971 5948 9949

Jwenn nimewo lokal ou: <https://zoom.us/u/azd3dmqeG>

Entèpretasyon similtane, enkli Lang Siy Ameriken (ASL), ap disponib pandan odyans vityèl sa a nan lang sa yo: Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamyen. Temwayaj ka bay oralman pandan odyans piblik la oswa alekri.

Temwayaj alekri ap aksepte jiska 5è nan apremidi, 12 Septanm 2025. Temwayaj alekri yo dwe voye pa imèl bay Tiffany Skogstrom nan adrès sa a tiffany.skogstrom@mass.gov oswa pa lapòs bay: Tiffany Skogstrom, Executive Director TURA Administrative Council, Executive Office of Energy and Environmental Affairs, 100 Cambridge Street, 10th Floor, Boston, MA 02114. Kopi règleman yo pwopoze yo disponib sou sit entènèt Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal nan adrès sa a <https://www.mass.gov/doc/proposed-revisions-to-301-cmr-4103-2025/download>, oswa yo ka jwenn yo pa voye yon imèl oswa rele Tiffany Skogstrom nan nimewo sa a 857-275-1561.

Aranjman rezonab pou moun ki gen andikap disponib sou demann. Pou soumèt yon demann pou yon aranjman, tanpri voye yon imèl bay eeadiversity@mass.gov oubyen rele 617-872-3270, Yon Kòdonatè ADA ap resevwa demann ou an. Tanpri enkli yon deskripsyon demann lan avèk tout

detay posib, ansanm ak yon mwayen pou kontakte ou si nou bezwen plis enfòmasyon. Tanpri bay omwen de semèn (14 jou) davans pou fè demann lan. Nou ka aksepte demann nan dènye minit, men petèt nou pap kapab reponn a li.

This document contains important information. Please have it translated immediately.

В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.

Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.

هامة معلومات على الوثيقة هذه تحتوي فوراً ترجمتها يرجى.

Dokiman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.

Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.

Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.

**此文件含有重要信息。
请立即找人翻译。**

본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.

Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.

ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສຳຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ລ່າ.

ឯកសារនេះមានន័យសំខាន់។

សូមបកប្រែជាបន្ទាន់។

Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.